

Mizajou Kominotè - Nouvo Règ Chaj Piblik la

20 jiyè 2026

Kisa chaj piblik ye e ki moun li aplike pou yo?

Chaj piblik se yon règ imigrasyon ki **pa aplike pou tout imigran yo**. Règ la aplike pou kèk moun ki vle jwenn yon kat vèt (yo rele l tou “rezidans pèmanan legal”) atravè manm fanmi yo oswa yon viza pou vini Ozetazini. Li aplike tou pou kèk moun ki gen kat vèt e ki kite Ozetazini pou plis pase 6 mwa.

Tès chaj piblik la egzamine si ou gen chans depann finansyèman de gouvènman an nenpòt kilè. Pou deside sa, ofisye imigrasyon yo dwe gade tout sitiyasyon lavi ou. Yo gade laj ou, sante ou, fanmi ou, revni ou, edikasyon ak konpetans travay ou. Yon nouvo politik ki pral antre anvigè 18 septanm 2026 di ke ofisye yo kapab tou gade nenpòt kalite benefis ou te itilize ki limite pou moun ki gen revni fèb. **Li enpòtan pou sonje ke resevwa yon benefis pa otomatikman vle di ou pa ka jwenn yon kat vèt oswa sa fè ou pa kalifye pou antre Ozetazini.**

Règ chaj piblik la trè konplike. Se yon bon ide pou pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou kite Etazini oswa aplike pou yon kat vèt.

Èske chaj piblik aplike pou mwen?

Chaj piblik **PA APLIKE** pou ou si:

- Ou se yon sitwayen Ameriken
- Ou deja gen kat vèt/rezidans pèmanan ou epi ou rete Ozetazini
- W ap aplike pou Estati Pwoteksyon Tanporè (“TPS”), viza U oswa T, azil oswa estati refijye, oswa estati espesyal imigran jivenil (“SIJ”)
- W ap aplike pou yon kat vèt paske ou se yon azile oswa refijye
- W ap aplike pou yon kat vèt paske ou gen yon viza U oswa T oswa estati SIJ
- Ou pa gen okenn chemen pou jwenn yon kat vèt oswa ou pa gen plan aplike pou yon kat vèt nan lavni

Chaj piblik **KA APLIKE** pou ou si:

- Ou planifye aplike pou yon kat vèt ki baze sou fanmi
- Ou gen yon kat vèt epi ou kite Ozetazini pou plis pase 6 mwa

Kilè nouvo politik chaj piblik la ap antre anvigè?

Nouvo politik la ap kòmanse 18 septanm 2026. Jiskask dat sa a, ansyen règ la toujou anvigè. Defansè yo ap travay di pou anpeche nouvo politik la nan tribinal yo ak nan Kongrè a.

REMAK: Sa a se pa yon konsèy legal. Sitiyasyon chak fanmi diferan. Pale ak yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans anvan ou soumèt nenpòt aplikasyon ki gen rapò ak imigrasyon oswa kite Etazini.

*Dènye mizajou 20 jiyè 2026

Èske itilizasyon benefis tankou MassHealth oswa SNAP ap fè domaj a aplikasyon kat vèt mwen an?

Nouvo politik la pèmèt ofisyèl imigrasyon yo gade anpil faktè lè y ap pran yon desizyon sou chaj piblik, tankou itilizasyon nenpòt benefis ki baze sou gen yon revni fèb. Règ la pa site okenn pwogram espesifik e li pèmèt ofisyèl yo itilize pwòp jijman yo.

Kisa konsènan pwogram mwen te itilize nan tan lontan? Ki distans nan tan pase yo ka gade?

Nouvo politik la pèmèt ofisyèl yo gade itilizasyon pase benefis kach (tankou TAFDC, EAEDC ak SSI) ak enstitisyonalizasyon alontèm nan depans gouvènman an, men pa lòt benefis ki te itilize anvan 18 septanm 2026.

Kisa konsènan pitit mwen yo? Èske yo ka itilize benefis?

Nouvo politik la pèmèt ofisyèl yo konsidere itilizasyon benefis yon timoun lè y ap pran yon desizyon sou chaj piblik. Ofisyèl yo ka konsidere tou sitiyasyon finansye moun k ap aplike a pandan peryòd depandan yo a te itilize benefis yo.

Èske mwen ta dwe sispann itilize pwogram benefis kounye a?

Anvan ou pran nenpòt aksyon, pale ak yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans pou asire tès chaj piblik la aplike pou ou. Si li aplike, li enpòtan pou konnen ke nouvo règ la pèmèt ofisyèl imigrasyon yo konsidere nenpòt benefis ki teste selon revni ou ap itilize kòmanse 18 septanm 2026. Se sèlman ou menm ki ka deside sa ki pi bon pou fanmi ou.

Kisa si mwen gen yon esponsò finansye?

Esponsò finansye ou toujou oblige soumèt yon deklarasyon sipò (affidavit of support). Sa a ap konsidere pa gouvènman an lè y ap pran yon desizyon sou chaj piblik nan ka ou a.

Mwen te deja soumèt aplikasyon kat vèt mwen an. Èske nouvo règ la aplike pou mwen?

Nouvo politik la aplike sèlman pou aplikasyon ki soumèt e ki make ak dat postal apre 18 septanm 2026.

Kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Pou aprann plis, ale sou pifcoalition.org.
- Pou jwenn asistans imigrasyon ak resous èd legal, ale sou:
 - <https://keepyourbenefits.org/en/na/find-help>
 - [MassLRF.org](https://masslrf.org)
 - [AILALawyer.com](https://ailalawyer.com)

REMAK: Sa a se pa yon konsèy legal. Sitiyasyon chak fanmi diferan. Pale ak yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans anvan ou soumèt nenpòt aplikasyon ki gen rapò ak imigrasyon oswa kite Etazini.

**Dènye mizajou 20 jiyè 2026*